



Pou Piblikasyon Imedya: 15/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KAD REPONS KONTINYÈL NEW YORK AK PANDEMI COVID-19 LA,
GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EKSTANSYON ENSKRIPSYON POU ASIRANS
SANTE ESPEYAL ATRAVÈ MACHE SANTE ETA NEW YORK LA**

***Enskripsyon espesyal pou Nouyòkè ki pa gen asirans yo pral pwolonje pou 30
jou anplis epi y'ap rete ouvè jiska 15 out 2020***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Peryòd Enskripsyon Espesyal pou Nouyòkè ki pa gen asirans yo pral pwolonje pou yon lòt 30 jou, jiska 15 out 2020, jan Eta ap kontinye bay sèvis sipò pandan kriz sante COVID-19 la. Nouyòkè yo ka aplike pou asirans atravè NY State of Health (Sante Eta New York), mache asirans sante Eta New York, oswa dirèkteman atravè konpayi asirans yo.

"Pandan tan difisil epi san parèy sa yo, aksè a bon jan kalite, swen sante abòdab enpòtan anpil pou byennèt Nouyòkè yo", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Pandan ke nou ap kontinye bouje nan bon direksyon an, nou konnen nou pa ko soti nan sitiasyon an epi nan pwolonje peryòd enskripsyon ouvri a nou ap asire ke Nouyòkè ki bezwen kouvèti swen sante abòdab ka jwenn li epi ede kenbe tèt yo ak fanmi yo an sekirite."

Direktè Egzekitif NY State of Health la Donna Frescatore te deklare, "Nan tan san parèy sa a nan istwa eta ak nasyon nou an, nou vle raple Nouyòkè yo ke NY State of Health la kòm yon rezo sekirite. Moun yo ka jwenn epi enskri nan kouvèti asirans sante konplè, abòdab epi Sant Sèvis Kliyan (Customer Service Center) nou yo ak asistan enskripsyon yo disponib pou ede ak pwosesis sa a".

Direktris Depatman Sèvis Finansye a, Linda A. Lacewell, te deklare, "New York bese koub la men li toujou enpòtan anpil pou tout Nouyòkè yo gen aksè a bon kalite asirans sante komèsyal abòdab. Ekstansyon peryòd enskripsyon espesyal sa a se youn nan plizyè fason New York ap kontinye travay ansanm ak endistri sante komèsyal la pou sèvi bezwen Nouyòkè vilnerab yo. DFS fyè dèske li fè pati efò sa a pou kenbe Nouyòkè yo an sante ak an sekirite".

NY State of Health, ansanm ak Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta a ak konpayi asirans Eta New York yo ap pran mezi sa a akòz ijans sante piblik COVID-19 la pou moun pa evite chèche tès oswa swen medikal akòz yo pè depans. Moun ki pèdi kouvèti anplwayè yo dwe aplike nan entèval 60 jou ki vini

apre yo pèdi kouvèti a epi moun ki te pèdi revni yo ka kalifye pou Medicaid, Essential Plan, Child Health Plus, oswa Plan Sante Kalifye ki sibvansyone yo.

Moun yo ki enskri nan Plan Sante Kalifye yo atravè NY State of Health oswa dirèkteman nan konpayi asirans yo dis 15 out 2020 pral gen yon chwa nan dat kòmansman kouvèti a swa 1 out oswa 1 septanm 2020. Moun ki kalifye pou lòt pwogram NY State of Health yo - Medicaid, Essential Plan ak Child Health Plus - kapab enskri pandan tout ane a. Finalman, jan Gouvènè Cuomo te mande sa, tout konpayi asirans New York yo te [anile](#) depans pataje pou tès COVID-19.

Kòm toujou, konsomatè yo ka aplike pou kouvèti atravè NY State of Health sou entènèt nan nystateofhealth.ny.gov, nan telefòn nan 1-855-355-5777, epi lè yo konekte ak yon [asistan enskripsyon](#) gratis.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou opsyon asirans NY State of Health la pandan ijans Kowonaviris la [isit la](#). Ou ka jwenn enfòmasyon ak resous Depatman Sèvis Finans pandan ijans Coronavirus la [isit la](#).

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)